BASA RINENGGA

❖ DASANAMA

- Tembung liya sing tegese padha. Tembung liya kang tegese padha racake luwih saka siji. Dasa tegese sepuluh, nama tegese jeneng. Ing basa Indonesia diarani sinonim.
- GLADEN

  Golekana dasanamane tembung ing ngisor iki :

  1) Matahari = *baskara, bagaskara, bagaspati, pratanggakara, radhite,*
  2) Abang : abrit, ambranang, dhadhu, jingga, merah, rekta
  3) Arjuna : Permadi, Parta, Dananjaya, Parantapa, Kaunteya, Palguna,
  4) Gunung : .....
  5) Angin : .....
  6) Kembang : .....
  7) Gathotkaca : .....

LIVEWORKSHEETS

- TEMBUNG SAROJA
  - tembung loro sing padha meh padha tegese dingo bebarengan
  - Tuladha :
    - Sepi mamring
    - Gotong royong
    - Padhang njingglang
  - GLADEN

    Bacutna ukara-ukara kang kadunungan tembung saroja ing nngisor iki!

    1) Dheweke wis ora nate *nyapa* ..... maneh karo tanggane.
    2) Aku wis *blaka* ..... marang awakmu, ora ana sing daktutup-tutupi maneh.
    3) Mugi temanten kekalih sageda *atut* ..... tansah reruntungan.
    4) Kabeh warga padha teka ing pasar malem sanajan padha *jejel* .....
    5) Bocah kok *polah* ..... sarwa nengsemake.
    6) Sing padha rukun karo *sanak* ..... supaya bisa urip kanthi *ayem* .....
    7) TemanteNe lanang katon *gagah* .....

- TEMBUNG ENTAR
  - Tembung kang nduweni teges ora salugune
  - Tuladha :
    - Adus kringet : tegese nyambut gawe abot, nyambut gawe mempeng
    - Idu geni : tegese kabeh guneme kudu bisa ditindakake utawa kudu bisa klakon
    - Udan tangis : tegese akeh sing padha nangis

LIVEWORKSHEETS

- GLADEN

Tegesana tembung entar ing ukara-ukara ngisor iki!

1. Waluyo saiki wis dadi bau tengene Pak Lurah.

   Wangsulan : .....

2. Krungu tembunge Marno sing kaya mangkono, Darto dadi abang kupinge.

   Wangsulan : .....

3. Warga Palu lagi udan tangis amarga akeh kang kelangan keluargane.

   Wangsulan : .....

❖ <u>TEMBUNG YOGASWARA</u>

- Tembung Loro kang nduweni swara *a* lan *i* ing pungkasane wanda, nduweni teges lanang lan wadon.
- Tuladha :
  - Dewa-dewi
  - Mudha-mudhi
  - Siswa-siswi
- GLADEN

Gawea ukara migunakake tembung-tembung yogaswara ing ngisor iki!

1. Dewa-dewi

   Wangsulan : .....

2. Raseksa-raseksi

   Wangsulan : .....

3. Bathara-bathari

   Wangsulan : .....

LIVEWORKSHEETS